

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan udagan jeung mangpaat nu tangtu sarta mangpaat nu hadé. Nurutkeun Ratna (2004, kc. 34) métode panalungtikan nyaéta cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan pasualan panalungtikan.

Sakabeh kagiatan panalungtikan tangtu kudu maké pamarekan nu jelas sangkan bisa ngahasikeun panalungtikan anu hadé. Kukitunna dina panalugtikan ngeunaan struktur jeung ajén atikan karakter dina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés ieu pamarekan anu dipakéna nyaéta pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif mangrupa nyaéta pamarekan nu maké léngkah-léngkah sistematis pikeun nafsirkeun data dina wangun déskriptif. métode déskriptif mangrupa panalungtikan pikeun nalaah kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan (Arikunto, 2013, kc. 3).

Dina lingkup sastra, pikeun nalungtik karya sastra nurutkeun Abrams nyaéta aya opat pamarekan dintarana éksprésif, objéktif, mimétik, jeung pragmatik (Ilma jeung Bakthawar, 2019, kc. 26) Kukitunna dina panalugtikan ngeunaan struktur jeung ajén atikan karakter dina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés ieu téh ngagunakeun pamarekan objéktif, sabab nu ditalungtik sumberna tina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés.

Ieu panalungtikan ngagunakeun karya sastra minangka objek anu métode panalungtikanna miboga tujuan jeung mangpaat. Miang tina éta hal, métode anu dipaké dina panalugtikan ngeunaan struktur jeung ajén atikan karakter dina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés nyaéta métode déskriptif analisis anu tujuanna pikeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur jeung ajén atikan karakter dina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés. Métode panalungtikan déskriptif analisis nyaéta panalungtikan anu dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna disusul ku analisis (Ratna, 2004, kc. 43).

Ieu di handap baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu patali jeung desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.


3.1 Désain Panalungtikan

Saéméh panalungtikan dilaksanakeun, sagalana kudu di tataharkeun heula sangka bisa lumangsung sacara lancer éta proses panalungtikanana. Kukituna dina ngalaksanakeun panalungtikan téh diperlukeun hiji desain panalungtikan sangkan prak-prakanana lumangsung kalawan sistematis.

Desain panalungtikan téh nyaéta komponén anu digunakeun dina panalungtikan. Sarta kagiatan anu dilaksanakeun dina waktu prosés panalungtikan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan éta saluyu jeung Arikunto (2013, kc. 61) anu jadi sababaraha léngkah panalungtikan ngawengku milih masalah, studi pendahuluan, ngarumuskeun masalah, ngarumuskeun hipotésis, nangtukeun pamarekan, nangtukeun variable jeung sumber data, nangtukeun jeung nyusun instrumén, ngumpulkeun data, nganalisis data, jeung nyieun kacindekan. Anapon léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu dihandap:

Bagan 3.1

Désain panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, téhnik anu digunakeun nyaéta studi pustaka. Sugiyono (2008, kc. 291) nétélakeun studi pustaka téh penting pisan dina panalungtikan, ku lantaran dina panalungtikan tangtu moal leupas tina literatur ilmiah. Ieu téhnik panalungtikan digunakeun pikeun nyangking informasi data jeung fakta anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés. Dibarengan ogé ku data séjen nu ngarojong sarta raket patalina jeung struktur sarta ajén atikan karakter ogé sumber liana nu ngarojong kana ieu pnalungtikan.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data, nyaéta:

- 1) ngumpulkeun referensi nu aya patalina jeung strukturalisme, ajén atikan karakter sarta bahan pangajaran nyaéta buku, jurnal, artikel jeung karya tulis sejenna;
- 2) nangtukeun sumber data, nyaéta novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés;
- 3) maca sagemblengna sumber data nyaéta novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés; jeung
- 4) nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita, jeung ajén atikan karakter.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Hal anu digunakeun dina ngolah data nyaéta téhnik analisis data, saméméh hiji data dikumpulkeun, langkah satuluyna nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data. Anu dianalisis dina ieu analungtikan nyaéta tina segi struktur jeung ajén atikan karakter ku cara nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data kalawan gemet. Perlu léngkah-léngkah dina ngalaksanakeunana nyaéta:

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) maca sagemblengna novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés;
- 3) nyieun papasingan data pikeun dianalisis;
- 4) ngaidéntifikasi struktur novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés;

- 5) ngaidéntifikasi ajén atikan karakter dina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés;
- 6) ngaidéntifikasi bahan pangajaran maca novel rumaja di SMP kelas IX;
- 7) ngadéskripsikeun data; jeung
- 8) nyindekkeun hasil analisis data.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 150) instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun nyangking jeung ngabagi data dumasar kana masalahna séwang-séwangan. Data kacida pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah anu keur ditalungtik.

Instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah nu ditalungtik sangkan leuwih ngagampangkeun prosés panalungtikan kalawan hasil nu lengkap tur sistematis (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data anu dipaké pikeun nganalisis struktur novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés jeung nganalisis ajén atikan karakter dina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés sarta larapna hasil panalungtikan jadi bahan pangajaran maca novel rumaja di SMP kelas IX.

Tabél 3.1

Kartu Data Pasualan pikeun Nangtukeun Téma

No	Pasualan	Cutatan	Keterangan	Kode Data
				J/Kc/Pd

Tabél 3.2

Kartu Data Analisis Tokoh

No	Ngaran Tokoh	Papasingan	Cutatan Carita	Kode Data
				J/Kc/Pd

Tabél 3.3
Kartu Data Analisis Galur

No	Galur	Tahapan Galur	Cutatan	Kode Data
				J/Kc/Pd

Tabél 3.4
Kartu Data Analisis Latar

No	Latar (Tempat/Waktu/ Suasana)	Cutatan	Kode Data
			J/Kc/Pd

Tabél 3.5
Kartu Data Analisis Puser Implengan

No	Puser Implengan	Cutatan	Kode Data
			J/Kc/Pd

Tabél 3.6
Kartu Data Analisis Gaya Basa

No	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data
			J/Kc/Pd

Tabél 3.7
Kartu Data Analisis Ajén Atikan Karakter

No	Sikep	Cutatan	Kode data
			J/Kc/Pd

Katerangan:J = *Jamparing*

Kc = Kaca

Pd = Pada

Tabél 3. 8
Kartu Data Analisis Kriteria Milih Bahan Ajar

No	Kriteria Milih Bahan Ajar	Luyu	Teu luyu

Tabél 3. 9
Kartu Data Nyusun Bahan Evaluasi pangajaran

Nyusun Bahan Evaluasi Pagajaran
Judul: 1. Bahan Evaluasi a. PG b. Essey


3.4 Data jeung Sumber Data**3.4.1 Data**

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi nu mangrupa buku sumber nu aya patalina jeung panalungtikan, jurnal, sarta sumber liana nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.4.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data mangrupa subjék anu dipaké pikeun nyangking data panalungtikan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh data nu aya dina novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés.

3.4.2.1 Identitas Novelét



Gambar 3. 1
Buku Novelét Jamparing

- Judul : *Jamparing*
 Pangarang : Chyé Rétty Isnéndés
 Taun medal : 2013
 Kandel buku : 44
 Warna jilid : Biru
 Nyaritakeun : Aya dua geng nu papaséaan, masing-masing ngawakilan sakolana. Nu sohor ti SMP muhammadiyah ngarana “Jamparing”, anu anggotana awéwé wungkul hiji deui ti SMP Negeri ngarana “Bangbara” ieu anggotana lalaki wugkul. Papaséaan kusabab silih poyokan.

3.4.2.2 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3. 2
Pangarang Novelét Jamparing

Chyé Rétty Isnéndés, pituin urang Nagrak-Sukabumi. Lahir ping 02 Désémber 1972. TK, SD, Madrasah, SMP, jeung SMA-na di Sukabumi. Taun 1993 kuliah S1 di IKIP Bandung, lulus taun 1998. Taun 2002 nuluykeun kuliah S2 di UGM, lulus taun 2004. Taun 2010 nuluykeun deui kuliah S3 di UPI. Taun 2011 kungsi mukim tilu bulan di Walanda lantaran meunang béasiswa SANDWICH-LIKE KTL pikeun risét kepastakaan disertasina.

Mimiti resep nulis sajak ti SD kénéh (dina basa Indonésia), di SMP mimiti nulis sajak dina basa Sunda. Taun 1994 sajak jeung carponna mimiti dipublikasikeun dina Manglé. Satuluyna tulisan-tulisanana (utamana sajak jeung puisi) dimuat dina Turus, Galura, Kujang, Cupumanik, Pikiran Rakyat, Bandung Pos, jeung Galamédia. Nepi ka kiwari, nulis 200-an sajak, 75-an carpon, jeung dua novelét. Novelét nu kahiji dikarang taun 1996 dimuat jadi carnyam dina Manglé, judulna: “Gupay Tineung Gupay Ludeung” Nu kadua, “Handeuleum na Haté Beureum”, dikarang taun 1998. Eséyna mah can diitung.

Pangléler dina widang sastra diantaranya, Diploma ti Museum Seni Anak dan Remaja Oslo, Norwégia taun 1991 (SMA) kana puisina Disasters, Pinunjul Nulis Sajak Sunda sa-Jawa Barat nu diayakeun ku HIMA PENSATRADA (1996), Penghargaan Pangarang Ngora ti Granésia (1996), Penghargaan Sirung Harepan (jeung Imas Rohilah) ti Granésia (1997), Pinunjul Baca Puisi (Indonésia) tk Mahasiswa Umum ti IKAPI (1998), Piagam Sastra ti LBSS kana skripsina. Analisis Puisi Mantra di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi (1998), Hadiah Sastra Rancagé ti Yayasan Rancagé nu dipupuhuan ku Ajip Rosidi, keur kumpulan sajakna Kidang Kawisaya (2000), Pinunjul nulis carpon PPSS (2008), Pinunjul nulis puisi PPSS (2009).

Bukuna nu géus medal, sajabana ti *Kidang Kawisaya*, aya *Teori Sastra* (2009), kumpulan puisi Sunda modérn *Nu Nyusuk dina Sukma* (2010) Jeung *Kajian Sastra: Aplikasi dan Teori* (2010). Karya-karya sastrana sawaréh bacacar dina antologi-antologi (Sunda jeung Indonesia). Sawatara sajakna dina *Kidang Kawisaya* jeung *Nu Nyusuk dina Sukma* disanggl ku Andhika Nurkholis Aziz, di pintonkeun dina konsér ku Tangara Bulan tur dialbumkeun dina wangun CD ku Fahmi Adi Nugraha.